

REPARASYON PON POU PYETON

Wout U.S. 41 ki travèse Caloosahatchee River Bridge soti nan First Street rive nan North Key Drive

Lee County

DESCRIPCIÓN DEL PROYECTO

Depatman Transpò Eta Florid (FDOT), Distri 1, ap trase plan pou fè reparasyon nan wout U.S. 41 ki travèse pon Caloosahatchee River Bridge soti nan First Street rive nan North Key Drive. Y ap fè pwojè sa a pou bay pyeton plis pwoteksyon, gras a kèk chanjman nan pon ki deja la a tankou mete yon twotwa uit pye lajè sou bò lwès pon an, nan direksyon sid. Yo pral enstale nouvo baraj an fè yo abitye enstale bò wout yo, y ap konekte 2 pon yo ak yon sèl barikad nan mitan, epi y ap repentire liy atè sou wout la. Twotwa sa a va konekte twotwa ki te deja la a ki sou bò nò ak bò sid pon an pou kreye yon wout kote pyeton kab travèse pon an ak kè poze. Met sou sa, yo pral chanje poto limyè sou pon an pou ranplase yo ak sa ki gen 2 branch yo nan nouvo seksyon nan mitan pon an.

Nimewo idantifikasiyon finans pwojè a

(FPID) No. 449015-1

VALÈ KÒB PWOJÈ A PRAL KOUTE

\$25 milyon dola

YAP KÒMANSE KONSTRIKSYON AN

VÈ Avril 2024

LÈ PWOJÈ SA A KA FINI

Prentan 2026

POU ENFÒMASYON, KONTAKTE

Katelyn Carmona

Espesyalis sansibilizasyon kominotè

239-744-9192

katelyn.carmona@dot.state.fl.us



Eskane kòd QR sa a ak telefòn pòtab ou pou w ka wè plis enfòmasyon sou sit entènèt pwojè a.



MEN SA NOU DWE ATANN

Pandan y ap travay sou wout la, chofè yo dwe atann kèk liy sikilasyon ap fèmen pandan lajounen nan epòk kalmi (mitan avril rive kòmansman desanm) epi leswa yo kab fèmen yon liy sikilasyon (nan mitan mwa desanm rive nan mwa avril). Yo pral sèvi ak pankad elektwonik ak lòt pankad pou fè chofè konnen nan ki lòt wout yo kab pase ak valè tan sa kab pran lè yo pase nan zòn chantye travay yo. Yo mande tout chofè pran prekosyon epi ralanti lè y ap pase kote travay ap fèt sou wout la.

Kalandriye konstriksyon sa a kab chanje akòz move tan oubyen akòz lòt sitiysyon enprevi. Si w bezwen dènye ransèyman konsènan pwojè sa a, al sou sit sa a, "SWFL Roads":

www.swflroads.com/project/449015-1.



KLE

Kote yo pral batí pwojè a